

Evalyasyon pou pwogram debitan (Early Childhood Screening)

Septanm

Chè paran/responsab,

Nou kontan anpil pou oumenm ak pitit ou a fè pati youn nan pwogram pou debitan (early childhood) nou yo. Ekip pwofesè pitit ou a pral kreye eksperyans aprantisaj enteresan ak entèaktif pou ede bati fondasyon li bezwen pou youn aprantisaj pandan tout lavi l. Atravè evalyasyon devlopman ak sosyo- emosyonèl, estaf pwofesè an apwofondi konpreyansyon yo pataje sou devlopman ak aprantisaj timoun nan tout domèn pou benefisye ansèyman. Manm estaf pwofesè kolekte prèv aprantisaj elèv, reflechi epi detèmine pwochen etap yo pou sipòte devlopman ak aprantisaj timoun.

Kisa yon Evalyasyon pou debitan ye?

Nan kòmansman ane a, pwogram yo itilize yon zouti evalyasyon pou konprann devlopman chak timoun. Sa ka gen ladan yon zouti evalyasyon sosyo- emosyonèl pou aprann plis bagay sou devlopman sosyal ak emosyonèl pitit ou a. Evalyasyon sa yo pral ede ekip pwofesè yo pou aprann konnen pitit ou epi sipòte li nan devlopman l ak aprantisaj li. Evalyasyon sa yo pa yon tès entèlijans ni yo pa gen rapò avèk admisyon nan okenn pwogram. Ekip pwofesè yo ap angaje nan pwosesis evalyasyon an ansanm avèk oumenm.

Èske yo evalye tout timoun?

Yo pral evalye tout timoun eksepte timoun ki kounye a ap resevwa sèvis Entèvansyon Bonè (EI) oswa sèvis edikasyon espesyal preskolè (gen yon IEP).

Kisa mwen bezwen fè?

Patisipe nan yon pwosesis evalyasyon ansanm avèk pwofesè pitit ou a enpòtan anpil paske w konnen pitit ou a pi byen, epi konesans ou enpòtan anpil nan pwosesis evalyasyon nan kolaborasyon an.

Anplis, pwofesè ka aprann konnen w ansanm avèk fanmi w atravè lòt sondaj, ladan youn ki poze kesyon sou lang yo itilize lakay.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a. Avèk

Senserite,

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitan